Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 16 (9927) 28 апрель 2023 с. / Рузман 8 Шаввал 1444 с. / багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

# «Чапар» газеталъе-90 сон!

## ПОЗДРАВЛЕНИЯ




**Традиция праздновать Первомай возникла в конце XIX века. 1 мая 1886 года рабочие многих стран мира вышли на демонстрации с требованием введения восьмичасового рабочего дня. В результате жестоких действий властей, несколько человек погибли, многие получили ранения, а организаторы были приговорены к казни. Именно в память об этих событиях 1 май стал Днём международной солидарности трудящихся. Социальное звучание этого праздника сегодня изменилось. Сейчас Первомай (1май)-это праздник весны и труда, праздник всех людей, кто трудится, создавая богатство страны.**

### Уважаемые жители района!

Поздравляем вас с праздником Весны и Труда. Этот день праздновали наши деды и прадеды, его отмечаем и мы. Желаем всем вам крепкого здоровья, счастья, процветания и успехов в труде. Пусть работа вам будет в радость, а дружба- смыслом жизни.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

### Уважаемые казбековцы!

Поздравляю вас с Днём трудящихся! Желаю, чтобы ваши труды всегда приносили желанные результаты. Пусть ваш энтузиазм не иссякнет, и вы порадуете себя и близких новыми успехами в работе. Добра, тепла и достатка всем!

***Депутат НС РД М.Д. Умаханов***

## ХитIабалда хурхун...



Нилъеда лъала, щибаб санайил улкаялъул Президент В.В. Путиница Пачалихъияб Думаялъул депутатазде хитIаб гьабулеблъи, ва гьелда улка цебетIезабиялъе, тIоцебесеб иргаялда, цере чIарал масъалаби рехсолеллъи. Узухъда, гьединабго хитIаб гьабуна нилъер республикаялъул бетIер Сергей Меликовасги.

19 апрелалда гьес Халкъияб Собраниялъул депутатазде гьабураб хитIабалда хурхун, районалъул бетIер XI.XI. Мусаевас абуна: *«Росдал магIишатияб бутIа цебетIезабиялъул рахъалъ аслияблъун ккола хIадураб продукция хIалтIизабиялъул суал. Гьелъие, чара гьечIого, хIажатаблъун, узухъда, букIуна продукция хIалтIизабиялъул бакIал рай, гьезие ракь къваригIунеблъиги нилъеда лъала. Киналниги ралел цIиял бакIазе ракь бихьизаби захIматаб масъалалъун цебе чIолеб буго, щайгурелъул, гьеб букIине ккола ралел школазе, лъималазул ахазе, промышленниялгун росдал магIишатиял бакIазе данде кколеблъун. Ракьулгун буголъиялъул суалал тIуразариялда бараб буго нилъер гьаниб туризм цебетIезабиялъул суалги. Республикаялъул бетIерас цере лъурал масъалабазда абулеб буго республика цебетIезабиялъе цIияб къагIида гIуцIизе кколин, цересел соназул гьеб хIалтIизабиялъ лъиениги ва щибниги кьезеги гьечIин. Экономика цебетIезабулезул цебесеб кьерда рукIине нилъее киналниги ресалги ругин. Цого, щивав жиндирго бакIалда, кинабго къуватги кьун ва ракIбацIцIад, хIалтIизе ккодин. Гьедин гьаби тIадаблъун букIин гьабсагIаталда улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъ бихьизеги гьабулин. Нилъ цолъиялда ругони, нилъеца бергьенлъи босиялъе кинабго гьабизеги ккодин»*,-ан.

***«Салатавия» сеталъулаб издание***

## Аппараталъул иргадулаб данделъиялда...

25 апрелалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул киналниги жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялда, республикаялъулаб даражаялда тIобитIизе бугеб субботникалде хIадурлъиялда, Россиялдаго лъазабураб *«Пространствоялъулал баяназул миллияб система»* программа тIубазабиялъе районалда гьабулеб хIалтIиялда ва ришватчилъиялъе шартIал раккиялъул ахIвал-хIалалда муниципалиял хъулухъчагIаз гьаризе кколел ишаздагун гьелде дандечIеялъе гьаризесел малъа-хъваязда хурхарал суалал.




Тадбиралъул байбихьиялда XI.XI. Мусаевас абуна: *«Жакъа нилъеца хал гьабиялде росарал суалал ккола кIвар цIикIкIараллъун, ай, тIоцебесеб иргаялда, бетIералде рахъинаризе тIадаллъун, гьелъ, нужеца гьезде киналго пикрабиги руссинаризе ккола»*,-ян.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас данделъаразе баян кьуна рагъулаб хъулухъалде гIолилал ахIиялъул ихдалилаб кампания тIобитIиялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

Гьелда хурхун, гьабураб тIасан кIалъаялда районалъул бетIерас абуна: *«Нилъ хIалтIизе ккола рагъулаб хъулухъалде ине инкар гьабуразул эбел-эменгун. Нилъер гIолохъаби, хъван къотIикъай гун, цогидал бакIаздасан унел руго рагъулаб хъулухъалде.*

*Гьелъ бихьизабула росабазул бутIрузулги ВУСалъул (рагъулаб хъвай-хъваялъул столал) специалистазулги гIолилалгун гьабулеб хIалтIи гIей гьечIеблъун букIин. Цадахъ рекъон, хIалтIулел гьечIони, кинаб букIаниги хIалтIи, кколеб къагIидаялда, нухда унаро. Армиялде ине инкар гьабурал кир ругелали лъалареб батани, гьел цIех-рех гьабулел органазда ралагьеян лъазабизеги ккола»*,-ян.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас гьениб абуна: *«Нилъер районалда субботник тIобитIи буго районалъул бетIерасул халккеялда»*,-ян.

Лъабабилеб суалалда хурхун, гьабураб кIалъаялда XI. ХIадаевас ва муниципалияб буголъиялъул, ракьулгун гьоркьорлъабазул отделалъул начальник Мансур Эмеевас бицана ЕГРНалде (Буголъиялъул цогояб пачалихъияб реестр) баянал кьеялда сверухъ районалъул росабалъ бугеб ахIва-хIалалъул, гIолел-гIоларел рахъазул, дандчIвалел захIмалъабазул ва тIуразаризе кколел масъалабазул.

XI. ХIадаевас абуна: *«12 росдал, Ленинаул ва Калининаул росабаз гурони, ЕГРНалде жидер дазу-гIорхъиял рихьизарулел баянал кьун гьечIо. Генералиял планал хIадуриялъул хIалтIаби жеги Гуни, Алмахъ ва Хубар росабалъ унел руго.*

*Гьеб гIуцIиялда нухда иналъе, росабалъ рихьизарун рукIине ккола, генералияб планалда рекъон, росдал дазу-гIорхъи лъалел гIадамал»*,-ан.

Гьес абуралде тIаде М. Эмеевас абуна: *«Ракьул участкабазул бетIергьанлъиялъе ихтияр кьеялъе хIадуризе кколел документазул къадар 3483-ялде бахуна. ЕГРНалда баянал лъеялъе 2261 гIарза битIунги буго»*,-ян.

Ункъабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ДжабрагIиловас гьениб бицана ахирияб заманалда ришватчилъиялде дандечIеялде кьун бугеб кIвараллъул, 2021-2024 соназ районалда гьелде данде къеркьеялъе комиссияги планги гIуцIун рукIиналъул, гьелда хурхун, хъулухъчагIазул хьвада-чIвадиялъулъ рукIине тIадал гIамалазулги къагIидабазулги.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Расулил асаразул асаралда гъоркь...

гъум. 2 Нухазул мастер

гъум. 4 Прокуратура информирует...

# КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!




## Расулил асаразул асаралда гъоркь...

2023 сон байбихьаралдаса, гьеб Расул ХIамзатовасул Сонлъун лъазабун букIинги гьесул асаразул патриотикияб тарбия кьеялъе бугеб кIварги хIисабалде босун, нижеца цIалдолезда лъазабун букIана Расулил гIумруялдагун творчествоялда хурхарал тадбирал районалъул гIуцIабазда тIоритIиялъул баянал газеталда рахъизе ругилан, гьеб нижеца тIубазабулеб буго.

Расулил творчество бокьулел магIарулазда гьоркьов цоники чи базе тIобитIараб тадбир букIанин абизе бегьула.

Гьеб тадбир тIобитIиялъе гьез росдал школалда хасаб бакI хIадурун букIана. Гьенире жанире лъугьарабго бичIчIунеб букIана сунда хурхун гьеб данделъи тIобитIулеб бугебали, Расул ХIамзатовасул тIахьаз, гьесул хIакъалъулъ хъварал макъалабаз, сверухъ ран ругел Расулил кучIдузулъа рагIабаз ва цогидалъ гьелъие баянги кьолеб букIана.





ватиларо дунялалъул бокьараб букIоналда «*Дагъистан*», «*Дагъистаниял*» абурал рагIаби гIемаразда лъаларел рукIиналда щаклъи бугев, амма гьезда, «*Расул Гамзатов*», «*Журавли*» абурал рагIабаз гьединазе Дагъистаналъул баян кьолеблъи лъалеб букIинги мухIканаб буго.

Гьедин букIин битIараблъун кколеб букIиналъе мисалал нижеца рачун рукIана Шияблин Яндаевас ва МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас цадахъ хъвараб «*Расулида хурхун, цо-цо ракIалдещвеял*» макъалаялда («Чапар» №7, 24.02.2023 сон, 2 гьум.). Гьединал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ хадусанги нижеца хъвазе буго.

Сон байбихьаралдаса нилъер районалъул культураялъул рукъзабахъ, школазда, хIатта лъималазул ахаздацин, Расулил гIумруялдагун творчествоялда хурхарал тадбирал тIоритIана.

Гьезул цояблъун дагьал церегIан къояз Хубар росдал культураялъул Рукъалъул хIалтIухъабаз цIалдохъабаз

Культураялъул Рукъалъул специалист Марьям ГIабдусаламовалъ берцинго нухда бачараб гьеб тадбиралда гьелъул гIахьалчагIазе гьениб Расулил гIумрудулгун творчествоялъул бицана.

Асарал рикIкIиналда цадахъго, культураялъул хIалтIухъабаз, мугIалимзабаз цIалдохъабазе бицунеб букIана гьездалъун щиб авторасе бихьизабизе бокьун букIарабали ва гьезул магIнаялъул гъварилъиялъул. Гьедин гьабиялъулъ кIудияб бутIа лъуна школалда магIарулазул мацI кьолей Заира ГIисаевалъ.

Гьелъ абуна: «*Нижер мурад буго гIолеб гIелалда Расулил творчествоялъ дунялалъулго поэзиялъулъ кколеб бакI, Дагъистан ва гьелъул халкъ гьес бахинабураб борхалъи бичIчIинаби. Узухъда, гьединал ва жеги гьездаса лъикIал тадбиралги нижеца тIоритIизеги руго*»,-ян.

Тадбир берцин гьабураллъун гьенир рукIана цIалдохъабаз Расулил рикIкIаралгун ахIарал кучIдул ва рихьизарурал театралиял сценкаби.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

## БакIалъулаб отделение рагьана

Гьаб сон мугIалимасулгун насихIатчиясул Сонлъун лъазабун букIин хIисабалдеги босун, 19 апрелалда районалъул культураялъул Централда тIобитIана Россиялъул лъималазулгун гIолилазул багъа-бачариялъул (РДДМ) бакIалъулаб отделение рагьиялда хурхараб данделъи.

Гьеб рагьиялда хурхун, гьабураб жиндирго кIалъаялда районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазовас абуна: «*Гьаб тадбир тIобитIиги республикаялъул бетIерас Халкъияб Собраниялде гьабураб хитIабги дан-*



*де ккей лъикIаб гIаламатлъун ккола, щайгурелъул, гьенир рехсон руго лъималазул ва гIолилазул жамгIиябгун началихъияб багъа-бачариялъул аслияллъун рикIкIунел рахъал.*

*Гьединал гIуцIаби нилъер цереги рукIана, гьез гьарулел ишазулъ жигараб гIахьаллъиги гьабулаан, гьезие гьенир призалъулал бакIалги щолаан, амма «ТIоцересезул багъа-бачари» абураб гIуцIи жеги букIинчIо. Дица нужеда баркула РДДМ гIуцIиялъул отделение районалда рагьи, гьарула нужее лъикIабщинаб ва бергьенлъаби»,-ян.*

РДДМ багъа-бачариялъул отделение рагьиялда хурхарал кIалъаялгун цере рахъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаевги Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад ХIабибовги. Гьезги лъималазе киналниги гьарулел ишазулъ даимаб битIккейги бергьенлъабиги гьарана.

АбичIого гIоларо, гьеб тадбир берцинго нухда тIобитIиялда тIад Калининаулалъул гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз гIезегIанаб хIалтIи гьабун бугоанин ва гьеб бихьулеб букIанин гьез гIуцIарал концерталъулал цереразхъиназулъ.

Данделъи ахиралде щвана школалъул гимн ахIиялдалъун ва «*РукIа багъа-бачариялъулъ*», «*Нилъ цадахъ ва кидаго багъа-бачариялъулъ рукIина*» ахIиял гьариялдалъун.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## КIалбиччаялъул къоялде-ярмарка



19 апрелалда Дилим росдал аслияб байданалда тIобитIана, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул тIадкъаялда рекъон, кIалбиччаялъул къоялде гIуцIараб ярмарка.

Ярмаркаялда росдал магIишаталъул 24 гIуцIи (СПКял, ГУП, МУП, КФХял ва жалго бетIергьанал магIишатал ) гIахьаллъана. Пасадазе рес букIана хIайваналъул ва гIиял гьан, гIанкIаби, рахь, хIан, тIорахь, гьоцIо, урба, цIоросаролъил ханжу, картошка, хъапустIан, ролъ, пиринчI, овощалгун фруктал ва цогидалги кванил нигIматал ричун росизе.

Районалъул централъул гIадамал ва гьалбал ярмаркаялдаса разиго хутIана, щайгурелъул, гьенир ричарал кванил нигIматазул багьаби 15-20 проценталъ базаралъул багьаялдаса гIодорегIанал рукIана.

***Ибрагьим Идрисов***

## Ветеранасул къо кIодо гьабуна...

Нилъер улкаялда 17 апрель лъазабун буго жанисел ишазул органазулгун гьезулго аскаразул ветеранасул Къолъун. Гьелда хурхун, 17 апрелалда районалъул жанисел ишазул отделалда тIобитIана МВДялъул ветеранал, полициялъул хIалтIухъаби гIахьаллъараб рохалилаб данделъи.Баркигун гьеб тадбиралда кIалъана «*Казбек район*» муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазов. Гьес, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул рахъалдасан, МВДялъул ветераназда баркана байрам ва абуна: «*ХIажимурад Мусаевас дида тIадкъана нужеда нуж кIочон гьечIеблъиги нужедаса ниж чIухIун рукIинги лъазабизе*»,-ян.



Ветераназда байрам баркун, кIалъана Юнус Хайрулаев(ОМВДялъул начальник), Гъирисхан Гъирисханов (районалъул депутатазул Собраниялъул председатель), Хункарби МухIамадхIабибов (рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель), Салман Салманов (жанисел ишазул органазул ветераназул Советалъул председатель).

Жидерго кIалъаязда гьез абуна жакъасеб байрам кколин ВатIаналъе ракIбацIцIад хъулухъ гьабурал, 1999 соналъ ярагъгун Дагъистан гьачагъаздаса цIунарал, закон ва гIадлу-низам букIинабиялда тIад хIалтIарал милициялъулгун полициялъул ветераназул Къолъун.

Ветераназул рахъалдасан, тадбир гIуцIаралъухъ, баркалаялъул рагIабигун, кIалъана КIудияб ВатIанияб рагъул, жанисел ишазул, захIматалъул ветеран Зайирбег ГIусманов. Гьенирго ветераназе гIарцулал шапакъаталги кьуна.

Данделъи ахиралде щвана, тIадаб налъи тIубалаго, гIумруялдаса ратIалъарал милициялъул ва полициялъул хIалтIухъаби ракIалде щвеялъе бараб мемориалияб хъарщиялде цере тIугьдузул горал ва тIугьдул лъеялдалъун.

***Ибрагьим Идрисов***

# КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!

## ТIадаб налъи тIубалаго...

**ГIусман Ражабович МухIамадсултанов**



гьавуна 2000 соналъ Ленинаул росулъ.

2018 соналъ росдал №2 школа лъугIарав ГIусман тIадаб налъи тIубазе армиялде ана.

Гьениб 3 моцI гIураб заманалда, гьес рагъулаб хъулухъалдаго чIезе къотIи-къай хъвана. 2021 соналъ къотIи-къаялъул заманги лъугIун, гьев хIалхьиялда вукIана, амма рагъулаб хъулухъалде бугеб рокьиялъ ГIусман цIияб къотIи-къай хъваялде цIана.

Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьараб, гьес хъулухъ гьабулеб рагъулаб къокъа гьенибе битIана. Рагъулаб хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ ГIусман кIиабилеб даражаялъул *«Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»* медалалъе мустахIикълъана.



**Юсуп МухIамадович Абуков**

гьавуна 1987 соналъ Калининаул росулъ.

Росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав гьев, тIадаб налъи тIубазе, 2005 соналъ армиялде ана. Гьенив Юсуп гIорхъи цIунулезул мухъилъе ккана.

Армиялда букIараб гIадлу-низам, режималдаса байбихьун, рекIее гIурав гIолиласул къотIи ккана рагъулаб хъулухъалдаго чIезе. 2008 соналъ, къотIи-къаялъул заманги лъугIун, гIагараб росулъе тIадвуссарав, гьесие ракIалъ кинго хIалхьи кьолеб букIинчIо, ва, цIидасан къотIи-къайги хъван, гьев ругьунаб хъулухъалде тIадвуссана.

Юсуп Сириялда рукIарал тунка-хIусиязулъги гIахьаллъана. Гьенив гьев кIиабилеб даражаялъул *«Хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ»* абураб каранда балеб гIаламаталъе мустахIикълъана.

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев гьесда офицер лъукъун гIодов кколев вихьана. Хехлъи гьабун, гьев хвасар гьавизе арав Юсуп живгоги лъукъана ва гьесие агълъи ккана. ГьабсагIаталда гьев рукъов вуго ва сахлъигун жив, нахъ бахъичIого, тIадвуссане вугилан абуна гьес. Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев Суворовасул медалалъе мустахIикълъана.

**Юнус ГIабдулаевич ГIабдулаев**



гьавуна 1985 соналъ Ленинаул росулъ.

2002 соналъ росдал №1 гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Юнус ДГПУялъул физкультураялъул факультеталде лъугьана. ЦIали лъугIун хадув, гьев, гьудул- гьалмагъзабигун цадахъ, армиялде ана. Армиялдаса вуссун хадусан (2008 сон), къотIи-къайги хъван, Юнус рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана, гьес хъулухъ гьабулеб часть Чечнялда букIана.

Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Юнус гьелъул гIахьалчилъун ккола. Рагъулаб хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ командованиялъ гьев Жуковасул медалалдалъун кIодо гьавуна.



**Таслим ХIажиханович ТIагьиров**

гьавуна 1996 соналъ Ичкlа росулъ.

2013 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав Таслим лъугьана ДГПУялъул ихтияразул факультеталде. 2016 соналъ, къотIи-къайги хъван, гьев рагъулаб хъулухъалде ана. Гьелъие гIиллалъун букIана гьесул кIудияв вац Назимги рагъулаб хъулухъалда вукIин.

Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго, Таслим гьелъулъ гIахьаллъизе унезул мухъилъе кkана. Гьес гьабсагIаталда тIубазабулеб буго водитель-гранатомётчикасул хъулухъ. Цо ккараб тунка-хIусиялда Таслимица тушманасул техника хвезабуна. Гьелъухъ ва цогидал рагъулал ишал ракIбацIцIад тIуразариялъухъ, Таслим кIодо гьавуна 2-абилеб даражаялъул *«Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»* абураб медалалдалъун.

**ХIажимурад Маслинович Абуязидов**



гьавуна 1986 соналъ Дилим росулъ.

2002 соналъ росдал лицеялда цIали лъугIарав ХIажимурад тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе армиялде ана. РакIбацIцIад гьебги тIубазабун, тIадвуссарав гьев, 2007 соналъ, хъван къотIи-къайгун, рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана. ХIажимурадил хIакъалъулъ гьудул-гьалмагъзабаз лъикIаб гурони бицунаро, ва унго-унгояв БахIарчиян абула гьесда.

Араб соналъул марталда гьев лъукъана. МагIарул яхI-намус цIунарав, ритIухъав ХIажимурад командованиялъ *«Кавказалда гьабураб хъулухъалъухъ»*, *«Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»* ва Жуковасул медалаздалъун кIодо гьавуна.

***МухIаммадгIазиз ХIамидов***

*Инсан ва гIумру*

## КвергIатIидав инсан



Нилъеда лъала нилъее гIагараб Салатавиялъул гIадамал, гьелъул тIабигIаталда рекъонин абизе бегьула, ракIгIатIидаллъун, гьеб бацIцIадаллъун, яхI-намус цIикIкIараллъун, ВатIан, гьобол хириялльун кидаго рукIараллъи. Гьеб кинабго бихьизабула тарихалъги ва рикIкIен гIемерал биценазги. Узухъда, умумулъан бачIараб лъикIабщинаб гьаб заманалъул Салатавиялъулазги гIодоб тун гьечIо. Гьезул хIакъалъулъ нижеца бицана ва бицинеги буго.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго гьединал гIадамазул цоявлъун кколев Гуни росулъа ХIабиб Дациевасул хIакъалъулъ.

Росдал школа лъугIун хадусан, гьес армиялда хъулухъ гьабуна, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалдаго чIана. Къокъабго заманалдасан гьесда бичIчIана гьеб жиндир ишлъун кколареблъи. Гьенисаги ватIалъун, ХIабиб Самараялъул театралияб институталде лъугьана ва, гьеб лъугIун хадув, Благовещенск шагьаралъул *«Амур»* телекомпаниялда дикторлъунги Хабаровскалъул музыкалиябгун комедиялъулаб театралдаги хIалтIана.

ГIумрудул цIикIкIунисел соназ гIагараб росу тун къватIивехун вукIаниги, гьес гьелъулгун бухьен гьоркьоб къотIизе биччачIо. Гьелъие нугIлъи гьабула, жиндирго харжалдалъун, гьес росдал гIадамал данделъулел бакIал берцинго къачIаялъ, школалде хьвадизе цIалдохъабазе санагIалъи букIиналъе, халатаб манзилалда, больаби лъеялъ ва цогидалги пайдаял ишаз. Гьезде тIадеги, ХIабибица, росу тун, къватIисел ишазулъги жигараб гIахьаллъи гьабула.

Гьесие бокьуларо жинца гьарулел ишазул хIакъалъулъ цIех-рех гьабизе, гьезул бицине.

Дагьал цересIан къояз, гьелъие нугIзаллъун гIемерал районцоял рукIана, ва гьелъул хIакъалъулъ нижеца хъванги букIана, ХIабибица МахIачхъалаялда тIобитIараб ифтаралда, жиндирго харжалдалъун ва можоро бахъиялдалъун, 11 чиясе гIумраялде ине путевкаби кьуна. Цого гьелъ бихьизабула ХIабибилъ квергIатIилъиги, гIадамазе пайдаявлъун вукIинги рессун рукIин.

ХIабибица жиндирго хIакъалъулъ, мукъсанаб гурони, бицен гьабичIелъул, гьесул хIакъалъулъ бицеян дица Гуни росдал депутат, жамгIияв хIаракатчи Камал ГIабдулаевасда гьарана.

Гьес абуна: *«ХIабибица росулъ гIемерал хIалтIаби гьаруна. Мажгитал, кьоял раялъулъ, лъим бачиналъулъ, нухал къачIаялъулъ, ва цогидал жамгIиял ишазулъ гьес квер чIвачIеб бакI батиларин абуни, мекъи ккеларо. Гьединго, гьес кумек гьабула цоги росабазул гIадамазеги. Гьесие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулезул сияхI халатаб буго»,-ян.*

Аллагьас тавфикъ кьейги ХIабибие гIадамазе пайдаял ишазулъ гIахьаллъи гьабизе.

ГIемерлъаги нилъер ракьалда ХIабиб Дациев гIадинал гIадамал.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

## Нухазул унго-унгояв мастер



Лъалеб букIахъе, нухазда хIалтIулезул захIмат бигьаяблъун кколаро. ЦIорораб хасалоги, цIадукьги, гIазукьги, ргIарарал ва халатрахъарал риидалил къоязги гьел жидеца тIаде босараб ишалда рукIине кколa. Гьезул пиша ккола гIадамазул баркалаги Аллагьасул рахъалдасан цIикIкIараб кириги щолеблъунги. Гьеб бихьана ва лъала 34 соналъ районалъул нухазул участокалда хIалтIарав Сунгъурбег Таймасхановасда.

Гьев гьавуна 1932 соналъ Дилим росулъ. Росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, гьес Советияб Армиялда рагъулаб хъулухъ гьабуна.

Гьениса тIадвуссун хадуб, Сунгъурбегица Хасавюрт шагьаралъул механизациялъул училище лъугIизабуна, ва гьесие тракторист - машинистасул махщел щвана. Гьес захIматалъул нухде гали тIамуна (1958 соналъул февраль) Хасавюрталъул МТСалде трактористлъун хIалтIизе лъугьиналдалъун.

1960 соналъ хIалтIизе байбихьана районалъул нухазул участокалда трактористлъун. 1967 соналъ гьев тIамуна Дилим-Гуни-Гертма шагьранухалъул мастерлъун. Хадусан хIалтIана Хасавюрт-Кьохъ республикаялъулаб даражаялъул нухалда мастерлъунги. Сунгъурбегица 1972 соналъ заочно лъугIизабуна МахIачхъалаялъул автомобилазулгун нухазул техникумги.

Сунгъурбеггун гIемерал соназ цадахъ хIалтIарал Каримдин ХIажиевас, Расул Шейхисламовас, Камильбег Гъанаматовас лъикIаб къимат кьуна Сунгъурбегил хIалтIуе. Гьез бицаралда рекъон, гьев вукIана жигарав, тIадкъараб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубалев хIалтIухъанлъун. Гьесул ракIбацIцIалъи , хIалтIудехун бугеб ишалъулаб бербалагьиги, гIадамазул гьес гьабулеб тIалаб - агьазги бихьун, гьев цо чанго нухалда вищана профкомалъул председательлъунги. Сунгъурбег ккола захIматалъул ветеранги.

Гьес, лъади Вазипатгун цадахъ, 5 лъимер ( 2 вас ва 3 яс) гIезабуна ва гIумрудул нухда тIоритIана. Гьез цо чанго нухалда хIежги борхана.

***Ибрагьим Идрисов***

# Прокуратура информирует...

## Прокуратура района, в судебном порядке, требует от муниципалитета обеспечить образовательные учреждения двумя независимыми взаимно резервирующими источниками питания

Проверкой установлено, что в дошкольных и общеобразовательных образовательных учреждениях района в нарушение Правил устройства электроустановок, утверждённых приказом Министерства энергетики Российской Федерации от 08.07.2002 № 204 отсутствуют две независимые взаимно резервирующие источники питания.

По результатам проверки прокуратурой района 16.02.2023 года в адрес главы администрации МР «Казбековский район» внесено представление об устранении нарушений в сфере энергоснабжения, по результатам рассмотрения которого общеобразовательные и некоторые дошкольные образовательные учреждения района не обеспечены выше названными источниками питания, виновное должностное лицо-специалист отдела архитектуры, градостроительства и ЖКХ администрации МР *«Казбековский район»* привлечен к дисциплинарной ответственности в виде замечания.

Вместе с тем, в связи с отсутствием финансовых средств в бюджете района, не все дошкольные образовательные учреждения обеспечены названными источниками питания, в связи с чем, 19.04. 2023 года прокуратурой в районный суд направлены 6 исковых заявлений с требованием обеспечить образовательное учреждение этими источниками питания, а администрацию района обязать финансировать затраты на устранение выше указанных нарушений.

## Новое правило противопожарного режима для ряда социальных объектов установят с 1 марта 2024 года

Правительство РФ, Постановлением от 30.03.2023 № 510, обязало с 1 марта 2024 года монтировать и поддерживать в исправном состоянии устройства защиты от дугового пробоя в электроустановках детских садов, школ, больниц, хостелов и т.д.

Оборудовать устройствами здания, которые ввели в эксплуатацию до этой даты, потребуют при их реконструкции или капремонте.

Запретят устанавливать устройства в распределительных и групповых сетях электроснабжения систем противопожарной защиты и систем медицинского назначения, которые поддерживают жизнь пациентов.

# ОМВД информирует...

## Экспресс-информация

28 февраля 2023 г. подписан Федеральный закон № 50-ФЗ «О внесении изменений в Закон Российской Федерации «О пенсионном обеспечении лиц, проходивших военную службу, службу в органах внутренних дел, Государственной противопожарной службе, органах по контролю за оборотом наркотических средств и психотропных веществ, учреждениях и органах уголовно-исполнительной системы, войсках национальной гвардии Российской Федерации, органах принудительного исполнения Российской Федерации, и их семей» (далее - военная служба, служба).Согласно внесенным изменениям призыв на военную службу по мобилизации включен в перечень оснований, при которых предусмотрено приостановление выплаты назначенных пенсий лицам, проходившим военную службу (службу).

Справочно: ранее выплата назначенных пенсий приостанавливалась при поступлении на военную службу или на службу в органы внутренних дел, в Государственную противопожарную службу или учреждения и органы уголовно-исполнительной системы (в том числе в любых других государствах), войска национальной гвардии Российской Федерации, органы принудительного исполнения Российской Федерации.

Установлено, что в случае повторного определения на военную службу (службу) лиц, получавших пенсию за выслугу лет, при последующем увольнении со службы они имеют право по своему выбору на возобновление выплаты пенсии, которая была им приостановлена, исходя из выслуги и общего трудового стажа на день приостановления выплаты пенсии либо на прекращение выплаты пенсии, которая была им приостановлена, и назначение пенсии исходя из выслуги и общего трудового стажа на день последнего увольнения с военной службы (службы) в порядке, определяемом Правительством Российской ФедерацииСправочно: ранее было установлено, что при последующем увольнении со службы указанных лиц выплата им пенсии возобновляется исходя из выслуги и общего трудового стажа на день последнего увольнения

При возобновлении выплаты пенсии перерасчет ее размера по желанию лица, которому она была приостановлена, производится исходя из выслуги и общего трудового стажа на день последнего увольнения с военной службы (службы).

При исчислении пенсии в целях ее возобновления по желанию лица, которому она была приостановлена, учитываются оклад по воинской должности или должностной оклад, оклад по воинскому званию или оклад по специальному званию (без учета повышения окладов за службу в отдаленных, высокогорных местностях и в других особых условиях) и ежемесячная надбавка или процентная надбавка за выслугу лет (стаж службы), включая выплаты в связи с индексацией денежного довольствия, установленные этим лицам на день последнего увольнения с военной службы (службы).

Прекращение выплаты пенсии либо перерасчет ее размера производится федеральными органами исполнительной власти и федеральными государственными органами, выплачивавшими пенсию до дня приостановления ее выплаты, а назначение выплаты пенсии - федеральными органами исполнительной власти и федеральными государственными органами по последнему месту военной службы (службы) пенсионера.

Указанный порядок пенсионного обеспечения распространяется на правоотношения, возникшие в связи с приостановлением выплаты пенсии лицам, проходившим военную службу (службу) в связи с их поступлением на военную службу (призывом на военную службу по мобилизации) или на службу в органы внутренних дел, в Государственную противопожарную службу или учреждения и органы уголовно-исполнительной системы (в том числе в любых других государствах), войска национальной гвардии Российской Федерации, органы принудительного исполнения Российской Федерации с 24 февраля 2022 г.

# Памятка туристам и отдыхающим

В целях обеспечения личной и имущественной безопасности и предотвращения краж на территории района рекомендуем:

1. Не оставлять незапертыми двери и окна.
2. Не оставлять вещи без присмотра.
3. Не доверять вещи малознакомым людям.
4. Не принимать участие в азартных играх и розыгрышах всевозможных лотерей.
5. Не заговаривать с гадалками и т. п.
6. Хранить деньги и документы в надёжном месте, исключающем к ним свободный доступ.
7. Не брать с собой ювелирные изделия, драгоценности и крупные суммы денег.
8. В ночное время не находиться на неосвещённых местах и других безлюдных местах.
9. Не приобретать продукты питания, вызывающие сомнение.
10. Отправляясь куда-нибудь ставьте в известность близких, друзей или знакомых.
11. 
12. В целях предотвращения терактов, обращать внимание на бесхозные или, оставленные без присмотра коробки, чемоданы, сумки, пакеты, свёртки и т. п., в случае их обнаружения, не прикасаясь к оставленному предмету, немедленно сообщить в дежурную часть ОМВД.
13. В случае пожара звонить 01, о преступлениях или правонарушениях-02, о необходимости медицинской помощи -03.
14. Личный транспорт, в целях его сохранности, ставить в охраняемые автостоянки. Не оставлять без присмотра транспорт.
15. При обнаружении любых подозрительных предметов, не принимать самостоятельных мер к их рассмотрению, а немедленно сообщить в дежурную часть ОМВД.

**Телефон дежурной части отдела: 002; 994922**

# «Профессиональный компас- 2023»

ГКУ РД ЦЗН в МО *«Казбековский район»* с 24 по 28 апреля 2023 года проводит неделю профориентационных мероприятий «Профессиональный компас - 2023» среди молодежи, в том числе выпускников общеобразовательных организаций в рамках Всероссийской ярмарки трудоустройства» *«Работа в России. Время возможностей»*.

Мероприятия будут организованы в целях обеспечения эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных учреждений, оказания им содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентировании их на выбор профессий (специальностей), пользующихся перспективным спросом на рынке труда.

В рамках недели предполагается:

1. Подготовка памятки для учащихся выпускных классов общеобразовательных организаций *«На пороге выбора профессий»* (до 26 апреля).
2. Организация в общеобразовательных организациях профессиональных туров (профориентационные экскурсии) на предприятия (заводы, пожарные части, музеи, библиотеки) (до 28 апреля).
3. Проведение в общеобразовательных организациях района профориентационных классных часов и тематических бесед: «Специальности, востребованные на рынке *труда» («Перспективы карьеры- в ИТ-сфере», «Инженер- профессия будущего»*, «Профессии, востребованные в сфере туристско-рекреационного бизнеса в Дагестане», *«Мой проект развития профессиональной карьеры»*, «Выбери военную профессию (Своих не бросаем)», «Верным выбором профессии скажем «Нет» преступности», «Наркотики- путь в никуда» (до 28 апреля).

***ГКУ РД ЦЗН в МО "Казбековский район"***

Лицеялъул тIолабго коллективалъ зигара балеб буго Хадижат Салмановалда ва тIолалго гIага-божаразда, нагагьаб балагьалъул хIасилалда, вас

**Дада**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

Районалъул администрациялъул, лъайкьеялъул управлениялъул, *«Чапар»* газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз, спортшколалъул коллективалъ, кинални гьудул-гьалмагъзабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Насрула Алиукъаевасда ва тIолалго гIага-божаразда, вац

**Зайнудин**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева
ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523,
багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**